# Tashkent ma'mleketlik agrar universiteti
# No'kis filialı

**«Agronomiya» fakul`teti**

**«O'simlikshilik ha'm tog'ayshılıq» kafedrası**

**2-kurs «Tog'ayshılıq ha'm X.J.O.K.» ta'lim bag'darı**

**«Dendrologiya» pa'ninen**

# K U R S   J U M I S I

**Orınlag'an:** ______________________________

**Qabıllag'an:** **J.Baltaniyazov**

# Tutdashlar (MORASEAE) tuqımlası

Jobası:
Kirisiw

1.Tut (Morus) tuwısı
1.1.Aq tut (Morus alba)
1.2.Qara tut (Morus nigra)
1.3.Qızıl tut (Morus rubra)

2.Maklyura (Maclura) tuwısı
2.1.Sarı maklyura (Maclura augaptiasa)

3.Anjir (Ficus) turkumi
3.1.A’piwayı a’njir (Ficus carica)

# KIRISIW

Dendrologiya terek o`simlikleri haqqındag`ı pa`n bolıp, grekshe "dendron" – terek - "logos" – pa`n degen ma`nini bildiredi. Dendrologiya terek o`simliklerinin` geografik tarqalıwın, morfologiyasın (shaqaları, japıraqları, gu`lleri, miyweleri, tamır sisteması) biologik ha`m ekologik qa`siyetlerin, du`zilisin, introduktsion ha`mde qorg`awshı, rekratsion ha`m xalıq xojalıg`ındag`ı a`hmiyetin u`yreniwshi pa`n bolıp esaplanadı.

Dendrologiya ba`rshe tog`ayshılıq pa`nlerinin` poydevori bolıp xızmet qıladı. Bul pa`n tog`ay biologiyası pa`ninin` birinshi bo`limi bolıp, tog`ay o`mirin anıqlawda ha`mde onı maqsetli bag`darlaw ushın terek ha`m putalardın` qa`siyetlerin u`yretedi.

Dendrologiya aldında ma`mleketimiz dendroflorası quramın bayıtıw, tog`aylar o`nimdarlıg`ın asırıw, jan`a bahalı terek tu`rlerin ma`mleketimizge introduktsiya qılıwday a`hmiyetli ma`seleler turıptı. Dendrologiya terek ha`m putalar tuwıs ha`m tuqımlasın, ekologiyası ha`m biologiyasın u`yrenip, tu`rli ıqlım – topıraq sharayatları ushın kerekli tu`rler assortimentin tan`lap beredi.

## Tutdashlar (MORASEAE) tuqımlası

Bul tuqımlasqa tiyisli terek puta o`simliklerdin` o`zine ta`nlili – olar denesi su`tli shireli. Bul tuqımlasqa 65 tuwıs terek o`simlikleri kiritilgen, olardın` tiykarg`ı bo`limi tropik ha`m suptropik zonalarında ken` tarqalg`an. MDH ma`mleketlerinde sonday-aq O`zbekistanda orta tuwıs wa`killeri ken` ma`deniylestirilgen ha`m xalıq xojalıg`ında a`hmiyetke iye: bular–**tut, maklyura** ha`m **fikus (a`njir)** tu`rleri.









## Tut (morus) tuwısı

**Aq tut (Morus alba L.)** Bul tut tu`ri ta`biyiy ra`wishte Xıtay, Yaponiya Иndiya ha`m Oraylıq Aziya, Kavkazda ken` tarqalgan ha`m ma`deniylestirilgen. Boyı 15 metrge deyin bolıp, dene diametri 80 sm ge deyin jetedi. 250 jılg`a deyin jasawı anıqlang`an. U`lken jaslı terek denesi qabıg`ı qalın` ku`l ren`de. Jan`a shaqaları kul ren`de yaki jasıl ren`li bolıp iyiliwshen`ligi joqarı.

Aq tut aprel may ayında japıraqlar payda bolıwı menen bir waqıtta gu`lleydi. Gu`lleri mayda, ko`rimsiz miyweleri shırın, jewimizge jaramlı iyun - iyul aylarında pisip jetiledi.

Aq tut qalemsheler menen jaqsı ko`beyedi. Aq tut Oraylıq Aziya ha`m Kavkaz xalqı ta`repinen ma`deniylestirilgen. Tut miywesi keptirilgen halda jewimizge boladı onın` quramında S vitamini bar, Aq tut japıraqları tiykarınan pille qurtın bag`ıwda azıqlıq manbai bolıp xizmat qiladi, tog`ay melioratsiyasında da paydalanıladı. Ha`r jılı o`nim beredi, bir terekten 20-50 kg miywe teriw mu`mkin.





**Qara tut (Morus nigra)** Qara tut aq tutqa qarag’anda kem tarqalg’an, tiykarınan İran, Oraylıq Aziya ha’m Kavkazda o’stiriledi. Onın’ japıraqları jipek qurtı ushın kem isletiledi. Terek 10-15 m ba’lentlikte bolıp morfologik belgilerine ko’re aq tuttan parıq qılmaydı. Miyweleri iyun`-iyul` aylarında pisip jetiledi, toq qızıl, toq siyaren’de bolıp, mazalı da’mge iye. Onın’ miyweleri aq tut miywelerine qarag’anda qa’dirlenedi ha’m azıq – awqatta, vinoshilikte ha’m boyaw alıw sıpatında isletiledi. Tiykarınan qa’lemshe ha’m sabıw jolları menen ko’beytiriledi.












**Qızıl tut (Morus rubra)** Bul tut tu`ri Arqa Amerikadan introduktsiya qılıng`an 15 metrge shekem bolg`an u`lken terek, denesi qon`ır rende – ku`lren` bolıp, japıraqları pille qurtın bag`ıwda a`hmiyeti to`menirek. Miyweleri u`lken, iyun – iyulda pisip jetiledi, qızıl, ashıq qızıl ren’de bolıp, mazalı da’mge iye. Oraylıq Aziyadan tısqarı, Qrim ha’m Kavkazda bag’ ha’m parklerinde, ayrımları Ukraina Belorussiya, Boltiq boyı ma’mleketlerinde ushıraydı. Suwıqqa shıdamlı. Qattı, tıg’ız ag’ashqa iye.

**Maklyura (maclura) tuwısı**

Bul tuwısqa **Sarı ren’li maklyura (Maclura augaptiasa)** tu’ri kiredi. Bul tu’r u’lken terek bolıp, boyı 20 m ge jetedi. Shaqası ju’da’ qalın’. Qabıg’ı qalın’ shuqır jarılg’an, toq-qon’ır ren’de, shaqashaları ku’l ha’m jasıl ren’de. Japıraqları izbe iz jaylasqan. Japıraqlar qoltıg’ında o`tkir ushlı, jin’ishke 2 sm keletug’ın tikenler jaylasqan. Maklyura eki uyli o’simlik, gu’lleri ayrım jınıslı, Ol aprel-may aylarında gu’lleydi. Miywesi sentyabr-oktyabr aylarında jetiledi.

Maklyura jas waqtında tez o`sedi. Tamırınan bashkileydi ha’m kesiw jolı  menen ko’beyedi. Ol Arqa Amerikada o`sedi. MDH da Kavkazda, Oraylıq Aziyada, Qrimda, Karpatda, Ukrainanın’ qubla rayonlarında egiledi. Qurg`aqshılıqqa shıdamlı, jer tan’lamaydı ha’m ortasha topıraq shorına shıdamlı. Maklyuranın’ ag’ashı qattı, awır. Tamıra ha’m ag’ashınan boyaw alınadı.



Maklyura ihota tog`ayzarlar payda etiw ushın egiledi. Maklyura watanı Arqa Amerika bolıp, jaqsı sharayatta 20 m ba'lentlikke iye terek. Miywesi sentyabr-oktyabr oyında pisip jetiledi. Maklyura miywesi o`z watanında pisip jetilgenshe sarı ren'ge kiredi, bizin' sharayatımızda jasıl ren'ge kiredi.



Sharta'rizli miywesi diametri 10-15 sm bolıp, apelsin miywesine uqsas. Jewge bolmaydı. Tuqımları ba'ha'rde egilse jaqsı o'nip shıg'adı, suwıqqa ortasha shıdamlı. Shorlang'an jerlerde o`siw mu'mkin. Qurg`aqshılıqqa shıdamlılıg'ı tog`ay melioratsiyasında ha'm ko`klemzarlastırıwda qadirlenedi.



## Anjir (Ficus) tuwısı

Bul tuwısqa kiriwshi 600 tu’rden en’ qımbatlısı, a’hmiyetlisi **a’piwayı a’njir (Ficus carica)** esaplanadı. A’njir teregi 3 m ba’lentliktegi puta bolıp, iri japıraqlı, tiykarınan tropik ha’m subtropik zonalarda ken’ tarqalg’an. Ta’biyiy sharayatlarda 3-4 metrge shekem, ma’deniy sharayatlarda 10-12 metrge shekem o`siwshi puta. Miyweleri mazalı qand zatlarına bay (20 %) jewge boladı. A’njir jabayı halda O`zbekstanda, Korpet tawlarında, İran ha’m Afganistan tawlarında ushırasadı. Ha’zirgi waqıtta anjirdin’ ko`plep ma’deniy sortları shıg’arılg’an. Suwıqqa shıdamsız, -20 gradus suwıqta o’simliklerdin’ jer u’sti shaqaları zıyanlanadı, qurıp qaladı, sol sebepli bag`larda o`siwshi a’njir qısta ko`mip, orap qoyıw usınıs etiledi. Tiykarınan qa’lemshelerinen ko’beyedi. Bunın’ ushın noyabr aylarında qa’lemsheler ana terekten tayarlanadı ha’m qısqa transheyalarg’a ko`mip qoyıladı.












## Paydalanılg’an a’debiyatlar:

Tiykarg`i a`debiyatlar

1.Usmanov A.U.Dendrologiya Tashkent-«Wqituvchi», 1974
2.Yaskina L.V.Dendrologiya Tashkent-«Wqituvchi» 1980
3.Qayimova A.Dendrologiya  Tashkent-«Ilm-ziyo»,2007

Qosimsha a`debiyatlar

1.Ianenko B.N.Fenologiya drevesnix i kustarnikovix porod. M.1962
2.Rusanov F.N Dendrologiya Uzbekistana T a’n’.  T.,1965
3.Slavkina T.N. Dendrologiya Uzbekistana T a’2.  T.,1968
4.Usmanov A.U. Dendrologiya Uzbekistana T q.  T.,1971